



Depatman Lapolis Konte Nassau ap kontinye fè efò pou pwoteje dwa tout moun kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, etnisite, sèks, ekspresyon oswa idantite sèksyèl, relijyon, pratik relijye, laj, andikap, oswa oryantasyon sèksyèl yo. Depatman Polis Konte Nassau pran nennpòt zak oswa menas vyolans, domaj nan pwopriyete, arasman, entimidasyon oswa lòt krim ki parèt tankou ensidan patipri vrèman oserye epi yo pral bay yo gwo priyorite.

**Ensidan Patipri:** Youn oswa plizyè ofans kont yon moun oswa pwopriyete ki sanble fèt konplètman oswa nan majorite pati akòz ras, koulè, orijin nasyonal, etnisite, sèks, ekspresyon oswa idantite sèksyèl, relijyon, pratik relijye, laj, andikap oswa oryantasyon sèksyèl moun ki viktim nan.

**Krim Rayisman:** Yon moun komèt yon krim rayisman lè li komèt ofans espesifik

1. ***Chwazi*** entansyonèlman yon moun, yon gwoup, yon pwopriyete piblik oswa prive kont moun yo ofanse oswa yo gen entansyon ofanse konplètman oubyen nan majorite pati akòz kwayans oswa pèsèpsyon konsènan ras, koulè, orijin nasyonal, etnisite, sèks, ekspresyon sèks oswa idantite, relijyon, pratik relijye, laj, andikap, oswa oryantasyon sèksyèl yon moun, kèlkeswa si kwayans oswa pèsèpsyon li kòrèk ou pa, ***oswa***
2. ***komèt*** zak la entansyonèlman oswa zak ki gen ladan ofans an antye oswa nan majorite pati akòz kwayans oswa pèsèpsyon konsènan ras, koulè, orijin nasyonal, etnisite, sèks, ekspresyon sèks oswa idantite, relijyon, pratik relijye, laj, andikap, oswa oryantasyon sèksyèl yon moun, **kèlkeswa si kwayans lan oswa pèsèpsyon li kòrèk ou pa.**
3. Konstitisyon nou an pwoteje libète lapawòl. Tout moun gen dwa pou ekspri sa yo renmen, sa yo pa renmen, ak opinyon yo menm si ekspresyon sa yo ka ofanse lòt moun. Finalman, diskou ofansif oswa rayisman se toujou jis lapawòl epi yo pwoteje li.

**REPONS LAPOLIS:** Lè yo resevwa yon plent pou yon Ensidan Patipri/Krim Rayisman, yon Ofisye Patwouy Komisarya a prale kote a epi mennen yon ankèt preliminè.

- Y ap enfòme Divizyon Detectif la tou.
- Si yo pa ka fè yon premye arestasyon, y ap voye ankèt la bay eskwadwon Sikonskripsyon an pou plis investigasyon.

**Nòt:** Li enpòtan pou w enfòmè Ofisye/Detektif k ap mennen ankèt la sou nenpòt remak patipri (*langaj egzak yo enpòtan*). Pèsèpsyon viktim nan sou rezon ki fè ofansè a ka te vle fè patipri pral yon eleman.

- Tanpri sonje pa deranje okenn prèv, pa egzanp. nenpòt senbòl oswa mo ofansif, ekipman oswa bijou k ap revele idantite sispèk la (yo) nan yon gwoup rayisman òganize; pawòl rayisman; bwat espre; objè senbolik patipri tankou senbòl Swastika ak kwa. Yo ka sèvi ak sa kòm prèv.
- Yo mennen ankèt sou rapò Ensidan Patipri/Krim Rayisman nan sikonskripsyon kote sa pase a pou asire ke yo envestige sou krim nan rapid epi nan prèv yo pa gen konpwomi.

**NÒT:** Se yon obligasyon pou moun ki viktim Ensidan Patipri/Krim Rayisman rapòte s ak pase a (yo) pi vit posib. Lè w fè sa ou ede fòs delòd yo idantifye plizyè ensidan ki rive nan yon peryòd kout ki gen ladan moun ki viktim anban menm gwoup yo ka idantifye.

- Kowòdonatè Krim Rayisman nan Depatman Lapolis Konte Nassau ap asire ke resous depatman an ap byen itilize pou mennen ankèt sou tout krim patipri yo rapòte ki rive anndan Konte Nassau. Kowòdonatè krim patipri a (yon Chèf Adjwen nan Divizyon Detektif la) travay ansanm ak *Kowòdonatè Patwouy sou Ensidan Patipri nan sikonskripsyon* (Chak Sikonskripsyon gen yon *Kowòdonatè Patwouy sou Ensidan Patipri* yo chwazi - Kòmandan Adjwen nan chak sikonskripsyon). Kowòdonatè Depatman Ensidan Patipri a ap swiv, kontwòle, epi rapòte dirèteman bay Chèf Depatman an dispozisyon sou tout krim ki gen rapò ak patipri ke yo fè rapò pou yo.
- Imedyatman yo klase estatistik sou ensidan patipri ak krim rayisman y ap rapòte yo bay Biwo Avoka Distri a, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk (New York), ak Lig Anti-Difamasyon.

***Depatman Lapolis Konte Nassau PA fè respekte lwa imigrasyon sivil yo. Ofisye yo p ap mande anyen sou estati imigrasyon yon viktim, epi, si yo bay yo li, yo p ap pataje l ak okenn lòt ajans federal lokal.***